

David Do
Manm Komisyon/Prezidan
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten
Depatman Kominikasyon TLC
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

AVI: FRÈ PASAJ KONJESYON MTA KI PRAL PRAN **CHÈ 30 JEN 2024**

Daprè sa ki fè pati de Pwogram Peyaj katye Biznis Santral la, ke yo rekonèt tou antanke Frè Konjesyon, nan 30 Jen 2024, MTA pral kòmanse fè peyaj sou machin yo ki ap antre Zòn Relachman Konjesyon. Zòn Relachman Konjesyon se Zòn Manhattan nan sid epi li nan 60th Street, FDR Drive, West Side Highway/Route 9A, ak koneksyon Tinèl Hugh L. Carey jiska West Street pa ladann.

[Kalandriye frè peyaj](#) la ki apwouve pa Tablo MTA presize ke taksi yo ak machin pou lwe (FHV) yo elijib pou fè pasaje a peye yon prelevman sou chak vwayaj, pou chak pakou pou ale sou, depi, anndan, oswa nan Zòn Relachman Konjesyon. Anba plan an, prelevman pou vwayaj ki ekspedye yo apati de sèvis transpò ki anpil (ki se kounya Lift ak Uber) pral \$2.50 sou chak pakou; prelevman pou taksi, machin transpò pou pasaje nan wout (SHL), ak vwayaj ki ekspedye pa lòt baz FHV (Machin Nwa, transpò ak baz limouzin liks yo) pral \$1.25 pou chak pakou. **Pou taksi yo ak SHL yo, prelevman sou chak pakou dwe ajoute sou mèt la.** Anba plan prelevman pou chak vwayaj sa, yo pa pral chaje taksi yo, SHL yo, ak FHV yo sèlman si machin nan nan vwayaj.

Baz FHV yo dwe antre nan yon akò ak MTA a pou kolekte epi remèt prelevman pou chak pakou pou prelevman sou chak pakou a ka aplike sou pakou ki ekspedye pa baz sa. Menm jan, founisè sistèm teknoloji (TSP) yo dwe dakò kolekte epi remèt prelevman pou chak pakou a, pou prelevman sou chak pakou a aplike sou pakou ki konplete nan machin ki ekipe ak sistèm teknoloji TSP.

FHV yo ki ekspedye pa yon baz ki pa antre nan akò a, ak taksi epi SHL yo ki ap itilize yon TSP ki pa antre nan akò a, yo ka preleve \$15 peyaj sou yo pou jiska yon fwa chak jou ke pwopriyetè machin nan ap peye, pase se pasaje a ki ap peye prelevman sou chak pakou, poutèt li antre nan Zòn Relachman Konjesyon.

Règleman TLC ki ekziste yo ki gen rapò ak peyaj yo pral aplike sou nouvo Frè Peyaj Konjesyon ak prelevman sou chak pakou yo.

Bis commuter van yo ki gen lisans TLC yo elijib pou eskive peyaj anba plan Ekzansyon Bis Commuter a. Plis enfòmasyon sou ekzansyon sa, ak aplikasyon an, disponib [la](#).

Plis enfòmasyon sou Frè Konjesyon disponib nan congestionreliefzone.mta.info, epi ou ka jwenn plis enfòmasyon sou règleman peyaj taksi ak FHV [la](#). MTA kòmanse kontakte baz FHV yo ak TSP yo pou antre nan akò prelevman sou chak pakou a. Pou enskri nan plan prelevman sou chak pakou a, baz FHV yo ka soumèt enfòmasyon kontak yo bay MTA lè yo itilize [fòmilè sa](#). Pou kesyon yo, tanpri kontakte CRZtaxifhv-support@mta.info.